

***** RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengpoen, saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisen, oetawi moendoet dados lengganan,
tepang rembag roemijn kalijan adminis-
tratie.

Hoofdredacteur:
D. M. HARDJASOEWANDA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

ISINIPOEN:

Poetoesan P. P. K. D. — Arta
nagari — Sesorah Harjadi — Sa-
king Onderwijsraad — Katoela-
toela — Kalibawang — Karoekoenan
Moentilan — Badé dados enz. . . .
— Film Tjina — Blakan-blakanan
— Film alit-alitan — Ontjen —
Oerap-sari — Panoentoening laré —
Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

ARTA - NAGARI ING INDIJA.

Kala Raad Kowoela djangkep
oemoer sadasa taoen, Generale
Thesaurie-nipoen departement Fi-
nancien ing Indija, angemoemaken
tjatetan kalempaking arta Nagari,
sadangoenipoen wonten Raad Ka-
woela.

Manawi kapatitisaken, ing tjatetan
ngrikoe tjiang ladeng saged amilah
wekdal kaih i.p. taoen 1919—1923,
kalijan 1924—1928. Toemrap sadaja
oeroesan, ing taoen '19—'23 waoe
pinanggih toena (tekort) goenggoeng
wonten 905 miljoen roepijah. Déné
salebetipoen '24—'28 angsal tirahan
total dijéndral 125 joeta. Déné toe-
rap (gewone) dienst limrah, sale-
betipoen gangsal taoen ingkang
kawitan waoe, pinanggih toena 333
miljoen; ing salebetipoen gangsal
taoen ingkang akir saged angsal
tirahan 343 miljoen. Toemrap (but-
tengewone) dienst miroenggan, ing
salebetipoen wekdal anggangsal ta-
oen waoe, toeni 572 kalijan 218 mil-
joen.

Sabakdaning perang donja, won-
ten kalamangsa economienipoen
pradja ngrikiki katingal ndedel sawe-
tawis dangoe. Ingkang makaten
waoe kasebabaken margi indaking
pamedalipoen Nagari. Kala taoen
1919 landsmiddelen¹) wonten 472
joeta, taoen 1921 mindak dados 722
miljoen roepijah. Anggénipoen dados
samanten poenika, sapérangan a-
geng margi angwontenaken paos
énggal kados déné suiker belasting,
angindakaken paos mlebetting da-
gangan, angéwahi dadasaring paos
pamedal lss. Kadjawi poenika oegi
margi pamedaling pakarjan Negari
(kados déné: sepoer, pos, pala-
boehan lss.) ingkang salebetipoen
taoen 1919 doemoegi 1921 saged
mindak, waoenipoen 86 ladeng
dados 126 joeta roepijah.

Sanadjan katal mindakipoen, me-
dalipoen inggih katal. Medaling
arta kaggé balé grijaning Nagari,
kala taoen 1921 kalebet katal pi-
jambak. Salebetipoen taoen 1919—
'21 waoe, gewone uitgaven minggah
apesipoen 60% i.p. waoenipoen
526 dados 830 miljoen. Poenika
dérèng medaling arta kaggé anda-
tengaken wos l.s.s. Dados ing
salebetipoen tigang taoen waoe,
pamedaling Nagari mindak 80%,
nangng medalipoen mindak 60%.
Mengkah sebabipoen gewone uit-
gaven mindak, margi kala samanten
awis teda, ándjalari Nagari ladeng
ngindaki balandjanipoen prijantoe.
Kadjawi poenika oegi margi kaggé
ambajar oetawi anakan samboetan.
Kala taoen '19, arta medal kaggé
preloening samboetan wonten 21
joeta, let kaih taoen dados 72 joeta
roepijah.


Katjarjos ing taoen '21 waoe
buitengewone uitgaven inggih ka-
lebet inggil pijambak, i.p. 189 mil-
joen, mangka kala taoen '19 namoeng
oedakawis dawah palih: 90 miljoen.
Pakarjan-pakarjan Nagari inggih
andjalari katahing wedalipoen arta.
Djer kala samanten padagangan
sarta palajaran madjeng sanget.
Mila Nagari ladeng énggal-énggal
angindakaken margi sepoer, an-
djembareken palaboehan.

Bakda taoen '21 ngantik djaman
irid alias djaman malaise, dango-
nipoen doemoegi taoen 1925. Margi
wontening malaise waoe kawontena-

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.



ning ekonomie dados saé, sarta
ladeng soeka pitoeter bilih we-
daling arta-Nagari pantjén kedah
irid.

Taoen '21 doemoegi '23 gewone
uitgave ingkang kala tn. '21: 830
joeta, saged soeda dados 646 mil-
joen. Déné buitengewone uitgaven
oegi saged soeda boten kirang sa-
king 125 joeta. Soedaning buitengewone
uitgave poenika ingkang katal
anggenging jajasan pakarjan
Nagari; oepami S. S. ingkang kala
taoen '21 ngedalaken artanipoen
Nagari 93 joeta, taoen '23 namoeng
ngelongi kasipoen Nagari 20 joeta.

Taoen 1924 doemoegi taoen '28,
kawontenaning arta Nagari lang-
koeng andemenakken tinimbang
taoen '19—'23. Ing wekdal gangsal
taoen ingkang andemenakken poen-
ika, kasipoen Negari dipoenisëni
katah sanget déning papadijengan
woeloewedaling siti ngrikiki, i.p.
langkoeng 170 joeta roepijah tinim-
bang wekdal gangsal taoen ingkang
memelas waoe. Kadjawi karét, ing-
kang oeroen katah: papadijengan
timah, wonten 127 miljoen. Kala
taoen '27 papadijengan timah kalebet
ondjo pijambak katimbang taoen
sanésipoen, i.p. 75 miljoen. Nangng
margi mloroting regi, ing taoen '28
papadijengan timah boten langkoeng
saking 53 joeta.

Indaking pamedalipoen pakarjan
Nagari kados déné sepoer, P. T. T.
(post, tilgram, tilpon), inggih a-
ngindakaken isining kas Nagari.
Pamedal saking paos, boten
sanget-sanget anggénipoen boten
njengnakken, manawi katanding ka-
lijan wekdal '19—'23, margi sa-
mangké (tn. '24—'28) ratjek pikanto-
koen 345 joeta ing dalem sataoen.

Pamedal saking invoerrechten²,
uitvoerrechten³ sarta accijnen⁴
oegi tansah andedel; salebetipoen
tn. '23—'28 saged njoekani soem-
bang soeroeng kasing Nagari 47%
oetawi 175 joeta roepijah. Kala taoen
'25 Nagari ngwontenaken statiekerecht.
Poenika inggih saged
mewahi bandanipoen Nagari, wonten
16 joetan roepijah (wiwit tn.
'25—'28). Kadjawi poenika éwah-
éwanan zegelondantone⁵) kala
taoen '21, verponding lss. oegi
anglemakaken kasipoen Indija.

Salebetipoen taoen '24—'28
goenggoeng kempaling landsmidde-
len jén katanding kajian salebetipoen
djaman gangsal taoen kapengker,
mindak dados 590 miljoen. Oegi ing
salebetipoen taoen '24—'28
poenika, Nagari saged ngirit gewone
uitgaven katalipoin 90 joeta.

Déné buitengewone uitgaven ing
taoen '24—'28 waoe inggih boten
patosa katah, awit ratjek namoeng
45 miljoen; mangka kala taoen
'19—'23 buitengewone uitgaven ra-
tjek 115 miljoen ing dalem setaoen.

(De Tijd).

Sesorah Harjadi.

Sesorahipoen sdr. F. Harjadi ing
parepatan P. P. K. D. 12 Mei 1929,
wonten ing speelloods Broederan
D. K. prakawis "Kamardikaning aga-
mi", kirang langkoeng kados ngan-
dap poenika:

Ngajodja poenika kénging kawas-
tan centruming kaoem katholiek,
oepamia Ngajodja poenika boten
wonten ing Ngajodja, nangng oe-
pami ing Magelang, poenika badé
gampil pamilihing bab selerah; na-
nging bab poenika saja dangoe ma-
lah saja kaleresan poen pamilih
waoe, malah tjoendook kajian be-
tahing sdr. Ngajodja i.p. Kamardikaning Agami.

Mengkah wewenangging tjiang
nglampahi agami, poenika negari
boten ngawisi barab pisan, anger
boten ngrisak tata-tentreming pa-
ngréh pradja. Negari sampoen ng-
wontenaken oendang-oendang pran-
tamen bab panindaking agami, i.p.

² Perbájaning nglebetaken barang mri-
ki.

³ " ngedalaken " sa-
king ngrikiki.

⁴ Paosing barang-barang saantéro te-
tan.

⁵ Regining prangko.

kaseboet 173 doemoegi no. 178 I.S.
Pranatan no. 173 I.S. njebataken,
bilih saben tjiang kénging nganggé
agami sakadjengipoen, waton boten
neradjang wetting katentreman. Ing
ngrikiki pamaréntah nganggep sadaja
agami sami aospoene, boten mbé-
dakaken agami ingkang sanjata toe-
win agama-agamanan. Gandéngipoen
kalijan bab poenika sekolah-an-
selahan ingkang angsal subsidie
saking pamaréntah inggih warni-
warni, boten mawang dateng agami
poenapa kémawon. Dados kanggé-
ning tjiang sepoehipoen laré saged
masanosa pamilihipoen, seneng
Nétral inggih kalebetaken dateng
Nétral, seneng Bijbel inggih kale-
betaken dateng Bijbel, seneng ka-
tholiek inggih kalebetaken ing pa-
moelangan Katholiek etc.

Mengkah ing tanah kita ngrikiki
bab wewenangging agami (manoet
I.S. no. 173 doemoegi no. 178) na-
ma ageng sanget, awit ing tanah
kita ngrikiki, kita a. wenang milih aga-
mi sapoeroenipoen.

b. wenang nglampahi
cepatjaraning aga-
mi kados adat.

c. wenang mentjar-
aken ing sanés, ma-
nawi angsal idin.

d. wenang ngawon-
tenaken pakempalan
ngrembag be-
tahing agami.

Bab wewenang ingkang semantan
agengipoen poenika kedah kita akeni,
awit ing wekdal sapoenuka oegi
wonten negari ingkang boten mar-
ringi wewenang barab-pisan dateng
tjiang siti nglampahi agami, oepami
ing Mexico, tjiang siti nglampahi agami,
oepami ing P. T. T., tjiang pribomei ka-
tholiek sanget anggénipoen dipoen-
koeja-koeja, margi anggénipoen ne-
tepi wadjibing agami. Ing tanah We-
landi djaman roemijn tjianging ing-
kang mlebetting ngéndéja poenika ke-
dah mbajer prabéja.

Djalaran saking poenika waoe,
kita kedah ndjagi sampoen ngantos
wonten negari ingkang boten mar-
ringi wewenang kita mengkeret, jén sa-
ged malah kaoedi saja mindaka.

Mengkah ndjagi wewenang
nugan poenika sinten?

Kita boten kénging masrahaken
poenika waoe dateng para Rama
Pastoor, awit ingkang anggadahi
wewenang poenika boten ngemoeng-
aken Rama Pastoor, nangng inggih
koela sadaja. Pramila koela sadaja
ingkang wadjib ndjagi lestantoe-
ning wewenang.

Kados-poendi rékanipoen ndjagi
lestaring wewenang? Rékanipoen
ndjagi lestantoeing wewenang poen-
ika, kedah anglahiraken sarana-sa-
rana ingkang djedjeripoen ngrembag
bab poenika. Saréhning ngrembag
wewenang poenika gandeng kajian
bab politiek, mila srana lahir ing-
kang tjespleng pijambak ingkang
poenika nglempek dados satoenggal
wonten ing pakempalan politiek kita,

Kita boten kénging masrahaken
poenika waoe dateng para Rama
Pastoor, awit ingkang anggadahi
wewenang poenika boten ngemoeng-
aken Rama Pastoor, nangng inggih
koela sadaja. Pramila koela sadaja
ingkang wadjib ndjagi lestantoe-
ning wewenang.

Kados-poendi rékanipoen ndjagi
lestaring wewenang? Rékanipoen
ndjagi lestantoeing wewenang poen-
ika, kedah anglahiraken sarana-sa-
rana ingkang djedjeripoen ngrembag
bab poenika. Saréhning ngrembag
wewenang poenika gandeng kajian
bab politiek, mila srana lahir ing-
kang tjespleng pijambak ingkang
poenika nglempek dados satoenggal
wonten ing pakempalan politiek kita,

Kadjawi atoeri énet sadérék, meng-
sah kita saja ngangsek panempoe-
ipoen, milanipoen kita kedah angsal idin
saking G.G. Sapoenuka menawi kang-
gé sdr. Islam, kajai-kajai oetawi sa-
nésipoen, poenika tjeuk namoeng
soeka kabar dateng pangageng; poe-
naga malih teosopi, abritan, oegi
tanpa idin. Bok poenika boten di-
poin bédak-bédakken mekaten,
awit manawi kita nitik sadaja hak
ing wewenang sami kémawon, da-
dos ambédakaken inggih oegi di-
poeningskiri.

Mengkah ingkang dados ngesing
atoer nginggil poenika namoeng mi-
nangka ngantjang-antjang, sapo-
enika ladjeng mloempatiopoen wonten
ing ngrikie. Kita kedah boten goe-
moen oetawi boten kélöe dateng
tindaking sanés, ingkang njidam ka-
mardikan. Awit kamardikan ingkang
kaoedi waoe dérèng kinanten ma-
nawi saged njempoeloeraken hak-
ing wewenang kita bab agami. Sa-
nadjan oepaminipoen dipoenasagah-
ana pisan: "Soek nèk oleh kowé
dak sagehi wewenang sing akéh
banget," kasagahan poenika tamtoe
namoeng lamis, boten badé medal
wohipoen, awit tjeta sanget bilih
boten noenggil toedjoe kajian kita.

Mila sadérék P.P.K.D. koela atoeri
ngatatos, sampoen ngantos kèle-
oe ing memanising lijan. Koela atoeri
menggalih ing samateng-mateng
ipoen kajian pamong kita hoofd-
bestuur P.P.K.D. — (Keplok!)

L. Jadran.

Poetoesan P. P. K. D.

Pangréh Ageng P. P. K. D. won-
ten ing parepatanipoen kala tangg.
12 Mei 1929 manggén ing Langenar-
djan Ngajodja.

Maos:
serat saking tjab. Banjoemas dd.
14-4-'29, ingkang soeraosipoen boten
ngakeni communique saking P. A.
dd. 5-3-'29. Ian boten poe-
roen njaoboet ma'loematiopoen dd. 2
September 1928.

Njoemerepi:
menawi tjab. Banjoemas nggadahi
tindak malih, ingkang soelaja ka-
lijan prenataning pakempalan, mar-
gi nradjang art. 26. Huish. Reglm.,
ngGetoeni:

déné prekawis, ingkang pantjénipoen
namoeng dados rembagipoen P. A.
kalijan tjabang (huishoudelijke aan-
gelegenheid), boten kapatjak ing
pa-
moelangan Katholiek etc.

Moetoes:

1. medot gandéngipoen P. A. ka-
lijan tjab. Banjoemas, sadangoenipoen
tjabang waoe dérèng njaoboet
ma'loematiopoen, kados panedani-
poen P. A.

2. ngingtoenaken toeroenaniipoen
poetoesan poenika dateng sadaja
tjabang-tjabang saha dateng Sw.
M. lan S. K.

COMUNIQUE
Onderwijsraad.
Saking Bureau Onderwijsraad kita
Redactie Sw. T. tampil serat, soepa-
dos amatjak pakrawis ing ngandap
poenika.

Asatina (handenarbeid) wonten
sakolahan andap Kilénan (Westersch
Lager Onderwijs); . . . toewin:

Pandapoeking bibliotheek kaggé
moerid-moerid.

(Warga comité mendet prijantoon saking golongan warni-warni.)

Makaten Kamas, reraosan ingkang koela pireng saking kalangan kalanlangan Katholiek ing Moentilan.

Déné koela pijambak boten saged narboekani. Djer temenipoen, prakawis poenika dadas bebahani poen comité. Kalih déné mailih, atoer koela ing nginggil toemraping sepijien sampoen an jeka p i.

Wasana, mangsi borongga!

Kemoening-djadjar 18 Mèi 1929.
Taklimipoen ingkang raji:

A. S. DWIDJASARAJA.
(sepijoenipoen emban Sw. T. nomer kalih.)

KOEROE SETRA.
Badé dados warganing kempalan, kok nggega kadjengipoen
pijambak! djaman-poenapa
wonten?

(Karangan poenika boeboekanipoen tje-kakaning sesorahipoen sad. Harjadi. Réné sesorah, sanadjan boten sarowani poen, sampoen kapatjak ing ngadjeng, mila boten sah dipoenkaping-kalih. Panoe-toeing poenggelan: Anggering Nagari njoekani wewenang dateng agami Katholiek, sanadjan dèrèng nama katah, toer wewenang waoe saged soeda jén boten sirna, menawi Pangerèh kelampan gantos. Red.)

Pramila wiwiting sapoenika kita wadibj lan kedah andjagi wewenang samanten waoe, moerih sampoen ngantos soeda oetawi itjal. Déné srananipoen boten wonten sanès kadjawi namoeng n g e m p a l - s a s a r e n g a n n j a m b o e t - d a m e l - m a d j e n g s a r e n g s a h i j e g !

Kerep kelampanan bilih laré-laré ingkang sesarengan adedolan, oetawi tijang sepoeh ingkang ngempal djagongan poenika, sami: t j o n g - k r a h oetawi p a d o e d o n .

Makaten oegi kita, inggih makaten, boten bédá; mila wontenipoen ladeng: m o n g - i n g e m o n g .

Sinten ingkang nedya anggeboer dateng pakempalan oetawi pasra-woengan: keda h a s a g e d m e k a k h a w a n i p o e n p i j a m b a k , awit bilih boten makaten, anggega manahipoen pijambak, boten predoeli babin oemoem, poen pakempalan: b o t e n d o j a n .

Pangemong waoe kenging koela samèkaken-brajat; tindakipoen prija lan wanita—saémper tindaking pangrèh, sami pangrèh ingkang sami ngoedi kamadjenginan warganipoen — kados déné tijang sepoeh dateng anak. Sadaja sami njamboet-damel sareng moerih sage da metik woh ingkang sami badé karaosaken. Poen bapa lan bijoeng anggoelawentah anak moerih sage da nglajengaken pakarjanipoen oetawi kenging dipoenaoebi ing tembé wingkingipoen; makaten oegi pakem-palan

Mila boten samestinipoen jén tijang kepéngin dados pangrèh, oetawi pangrèh poenika: n a m o e n g p a d o s n a m a , m i s o e w o e r — l s p ; genah katah warga ingkang boten tjetjog, boten seneng poenika tjirosipoen malah: ora s e n e g — m e t o e . . . ? lo mbok inggih dipointiti sababipoen poenapa

Makaten oegi tijang kedah saged milah prakawis; milah-milah s a t o e n g g a l lan s a t o e n g g a l - i p o e n .

Katah kémawon prijantoon ingkang medal saking pakempalan amari boten seneng lan pangrèh-i p o e n .

loooo . . . rak damel kapitoenaning pakempalan; manawi pandjenengan boten seneng, margi tindakipoen, kempalipoen kirang saé — mangga kasaèkaken , boten anggega? —lah medala margi nginggilipoen pijambakipoen, prakawis boten seneng, sampoen katjamper lan babing pakempalan, makaten poenika katah toenggilipoen, kadosta: voorstel i p o e n , boten katampi —medal, ngarang ing serat kabar, boten kapatjak — ladeng ngawon-awon, njepélèkken, nijingkoer toer kapok rak katah kémawon ta?

„Sampoen limrah” inggih makaten poenika mila limrah, nanging poenapa oegger limrah poenika saé? . . . mangga ta kagalih, poenapa tindak makaten waoe: sampoen mapan: saminipoen: oetang ora oléh teka: n g o e n è k - o e n è k a k é ? lo . . . ?

Kadjawi makaten, kerep kémawon bilih pangrèh oegi toemindak makaten: kadosta: doemèh boten seneng lan tijangipoen, rembagipoen boten kapaeloe boten kagatosaken, doe-mèh tijangipoen bodo, dipoenapé-lèkken, rembag² dipointilar, gaduh voorstel inggih boten karembag, dipoenmaken, ndak poenika nge-mong? ndak poenika sampoen samestinipoen? mangga ndak ingkang sami kataman boten mangkel — ? Wonten satoenggal milah, i.p. ki-rang poeroen ngoerbanaken sarira: gebrek aan offervaardig-heid.”

Koela kerep kémawon soemerep pakempalan, pinoedjoe kempalan, oedreg anggènipoen: p i l i h a n p a n g r è h .

Lo, kados-poendi ta, déné boten kersa? wontenipoen ngantos kepilih poenika rak pratanda: katrampilan ingkang sampoen ketingal, pratanda bilih pijambakipoen sampoen sami pitados, pretjaja!

Kapirsanana, poenika lo, betahing pakempalan taksih katah, bok inggih dipoenpitoeloengi . . . ? “Ah boten saged” ingkang makaten poenika namoeng pandjenengan pijambak, ingkang awewaton p a n g r a o s ; nanging tijang-tijang waoe milih pandjenengan awewaton: kan ja-aan, awewaton: wedaring tindak p a n d j e n e n g a n Lah . . . poenapa wegah . . . ?

Wegah ngoerbanaken sarira?
Samanten roemijn
Cordéeka.

Film Tjina.

Bangsa 25 taoenan sapriki ébah-ébahinan Chineesche intellectueelen bédá lan abad wingi²; katah ingkang nggadahi tjita² journalist, poenika satoenggiling punt ingkang kedah kita tjetat, saking boekoe² wedalan Chineesche drukkerijen lan boekhandelaren. Wonten èmperi-poen, saja ngèngeti katahing pers Tjina. Pers Indonesiers kawon katah lan kawon ageng. Pers Tjina jén mbengok, katah ingkang wijar èstoe. Katah Journalist Tjina ingkang pers-delict-wonten ingkang teroes kapeksa kondoer-tanah Tjina-tida' boléh kembali. Sampoen lami oegi Tjina njoewoen dateng Regeering, kasaméka lan bangsa Walandi, Japan oetawi Siameezan: nanging dèrèng tampi wangsoelan ingkang maremaken. Margi kame-nanganipoen kaeom Nationalist ing tanah Tjina, ingkang ladeng ingkanan ing pradja-pradja sanès, ndadosaken minggahing gradiing bangsa Tjina. Bab gelijkstelling moentjoe dados rembag malih. Jén familierecht ing tanah Tjina sampoen kaéwahan tjara Europa (kabaripoen wiwit 1 Jan. 1930). temtoe art. 163 ing Wet op de staatsinstichting tjalon éwah kasamèkaken lan Europa. Pers-Pers ing Indonesia dredreg ngrembag bab poenika, langkoeng² pers Tjina Soer. Handelsblad accord, lan mastani: logiesch mangké Indonesers inggih boten sandé aangsal gelijkstelling oegi, via Tjina. De Indiesche Post orgaan kaeom Kapitalist katingal deg-degan, ketir², bijas, djalaran koewatos margi won-tening gelijkstelling Tjina, mangké boten sandé Indonesiers oegi. Ingkang langkoeng ramé malih, prakawis Tjina totok lan pranakan, poenapa Tjina pranakan inggih katoet kasamèkaken, poenapa boten? Tjina pranakan katingalipoen mbingoengi, d è r è n g g a d a h s t a n d p u n t . Tjobi koela atoeri toelada sawat-wis mendet rembag-rembag saking persers Tjina persoverzicht Tjina. Tjina pranakan wonten ingkang sa-mar jén boten toemoet kasamèkaken, wonten malih ingkang mastani: “voor ons heeft de geheele gelijkstelling geen betekeenis.” Wonten malih, margi saking koewatosipoen ladeng badé jasa pakempalan, kanggé njoewoen bab poenika! Tjina pranakan kadoenoengana manah ènget, tjetjog kalijan djedjer pagedonganing Katholiek.

ngatos sampoen, madal soemb!

Gegajoetan kalijan gelijkstelling poenika, genah tjalon katah éwah-éwahan, pangadilan Landraad temtoe katah ingkang éwah dados, “Raad van Justitie” lan temtoe kémawon katah para Mr. tjalon angsal pakar-jan. Belasting Tjina temtoe mindak oegi. Poeranring iboe Indonesia, ingkang waspada, ingkang ngertos ing wadibj, nanging ngatos-atos èstoe, kedah ngambah margi rata lan adil ingkang sajektos.

Hercules.

Blakan-blakan.

Drodoeg, doeg, doeg, swoeh-rep-duty-pitana: kaparenga koela ngrembag babagan pakempalan ingkang wekdal poenika saweg nedeng-nedengipoen dados kabetahan oe-moem. Djalaran ing padoenoengan koela taksih wonten sawenéhing para sadérèk ingkang dèrèng oetawi boten poeroen mangretos tjaranipoen ndjagi saha ngaosi dradjading parepatan, malah maksoedipoen mi-remaken lezing kémawon dèrèng mangretos; ènggal mangké koela mentas ngradinaken serat sebaran, dateng para kadang katholiek Djawi perloe ngandar kawontenan saweta-wis, kalijan njarowé tindakipoen sadérèk ingkang koela manah radi moerang-tata wonten ing parepatan K. W. soepados ing tembé pakem-palan kita Katholiek saja mindak-mindak dradjading pandamélioen. Sadérèk ingkang ketaman, manawi roemaos atoer koela dora, kirang tarimahipoen kenging oesoel ngawontenaken débat vergadering, koela sagah ngladiso, sok oegi sadaja rembag zakelijk. Ing sarehning sampon boten kepireng wonten banékipoen poenapa-poenapa, koela roemaos bi-nang. Ewasamantan kebingahan koela waoe kepeksa laroet, margi sadérèk Dr. ning dédé Doctor ingkang ketaman serat sebaran koela, koela djak wawan ginem wonten madijaning ngakatah boten karsa mangsoeli, malah kepeotek kémawon boten karsa nganggoetaken djangan-ganipoen kados adat. Bab poenika koela boten badé sak serik ing manah, djer sanadjan tijang gedipoleerd manawi kamanoengsanipoen dèrèng minggah satataran, pinten banggi langkoeng, tradjang tandoekipoen inggih asring kedah mekaten. Andé-pona ngroemaosi soetji wantoen tami Memelas.

Ingkang koela goemoeni, kanti goemoedjeng radi geli poenika, déné Pangarsaning salah satoenggilingpoen pakempalan Katholiek, nanging sok radi teka kelebet ing babasan: “Keri nora pinetjoet;” pan-djenenganipoen wonten sawingking kelir kepareng mampang docka-doe-ka, badé mboewékaken koela. Koela boten njigas, matoer pasadja; mangsi èstoë! Tenéh inggih ladeng koela tetepaken Radèn toer taksih toes jektok!?

Toetoeng goebahan poenika, koela kanténi poeopoedji lair batos, moegi para sadérèk ingkang sami kadoenoengan pamanggih nalisir saking garising leres poenika, sami kadoenoengana manah ènget, tjetjog kalijan djedjer pagedonganing Katholiek.

Wassalam

H. Dwidjadisastra.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

25 taoenan Kalibawang

Tanggal 20 Mei '29 poenika kales 25 taoenipoen baptisan Kalibawang ingkang kawitan. Ingkang ambaptis, swargi Rama van Lith, wonten ing Sendang Sana. Déné ingkang kabaptis, pak Barnabas kalian kantjanipoen satoenggal.

Gandung kalian prakawis nginggil, goewa kaprenah sanggingiling Sendang Sana, badé kawangoen mangénta-énta goewa Lourdes. Manawi katjekapan sadajanipoen badé kaanggé saé saëstoë. Sapoenia, goewa sampoen kagarap.

Kabar oemoem.

INDONESIAH

Poenggawa gemeente Priboemi pikantoek pènsijoen.

Ing Javasche Courant wonten katerangan saking wethouder Semarang toean J. Schuling, bilih samangké sampoen wonten tetepan oendang, anetepaken para prijantooning gemeente Semarang ingkang dédé bangsa Walandi, badé angsal pènsijoen, samanten oegi randa toewin anak tilaranipoen prijantoon waoe. Salebetipoen taoen 1929 poenika tjalonipoen gemeente ing kita Semarang nata dadas mengah perloe dipenarmani. Ingkang ambijantoni ada-ada poenika sampoen wonten 40

apès f 311.000.

Ketoprak bangsa Tiong Hwa.

Sedyo Tama ngabaraken: bangsa Tiong Hwa ing Klatèn ngadegaken pakempalan ketoprak, kanggé darma manawi wonten ingkang perloe dipenarmani. Ingkang ambijantoni ada-ada poenika sampoen wonten 40

ONTJEN SEKAR GAMBIK MELATI.

Koemisi jasanipoen P. P. K. D. ingkang tinanggenah njatikèkaken kawontenan gandèng kalijan kontrakna Délì, wonten konggrés P. P. K. D. kapengker adamel poeopoetoesan a-soerao: „Pranatanipoen saé, nanging ingkang nindakaken katah ingkang moerang leres.”

Koela kinten boten namoeng ing dalem djagad onderneming kémawon ingkang wonten kawontenan makaten. Dalah ing salebeting djagadi-poen Nagari, inggih boten lepat saking sesikit poenika!

Katjarijos, gandèng kalijan boete-ting kawontenan ing djagad ka-boedidajan, Oud-planter ing Deli-Courant, mahjakaken pamanggih a-soerao:

a. Sebabing pasoelajaniipoen koeli kalijan planter poenika ingkang ba-koe wonten watak (gehalte)-ipoen mandor toewin hoofdmandoer. Awit, ingkang pinilih angloenggoehi pangkat poenika, kerep sanget koeli kon-trak ingkang sampoen kadjoewara anggènipoen wanen oetawi wantèn, aljas pemberani. Dados boten margi tjakipeipoen anindakaken pakarjaning mandor. Margi makaten waoe, kerep sanget poen mandor ladeng anda-samoeka. Manawi poen mandor nedabodjo oetawi darbèkeng koeli, mangka koelitipoen boten ngeloengaken, poenika koeli waoe sami oegi kalijan andandang sangsara. Djer mandor temtoe badé damel awoning koeli waoe wonten ngadjengipoen assi-tent onderneming. Ngadat, assitent namoeng anggega kémawon, ladeng teroes njrenge, anjirnakaken! Déne poen koeli namoeng këndel kémawon, adrijh kalijan mandor sakomplotipoen. Mangké manawi wonten dadakan sapélé kémawon, ladeng anatoni poen assistent, moentjoeingan diken-pokatingalaken. Antepipoen: boten badé assitent dipoenréntjangi koeli! Oepami koeli-koeli kantjanipoen poe-roena rérentjang, saged-sagedipoen inggih namoeng woedjoed pamisan! Béla kalijan manawi mantoeni mandor! poenika ateges poeroen pedjah! Djer mandor makaten, sakoetonipoen katah wonten ngrika-ngriki!

b. Margi makaten waoe, Oud-Planter oesoel soepados: onderne-

ming jasa Opzichter Priboemi wedalan sekolahing angkang pantes, tinanggenah anindakaken pakarjaning assitent ing wekdal poenika! Déne assitent-assitent kawadjibanipoen namoeng niti-priksa, oetawi akèn opzichter. Dados namoeng labajanan kalijan Opzichter Priboemi waoe. Opzichter waoe kedah dados pangandengipoen kaoem berah kalijan ingkang mberahaken.

Makaten prijantoon, rembagipoen Oud-planter!

Het Volk kala taoen 1927 oegi sampoen naté ngewrat pleidooi-nipoen toewan Hamakers ingkang oegi noenggil misah kémawon kalijan pamanggih kaseboet nginggil. Toewan Hamakers poenika anggènipoen sasrawoengen kalijan koeli kaboe-didajan sampoen wonten 35 taoen. Sarta pamanggihipoen poenika awa-waton praktijk.

Kangé njaèkaken kawontenan ing onderneming, onderneming kedah ichtijar sagedipoen para koeli remen njamboet-damel. Déne sarananipoen:

1. Épahan katah. (Een ruim loon).
2. . . .
3. (asoerao): Assitent-assitent onderneming prajogi tijang Priboemi. Onderneming prajogi jasa sakola-han assitent Priboemi ingkang mbéndengipoen sarta ing wekdal sekolahipoen pikantoek bajar katah. (vide: Koerier 26 November 1927 kolom „Boek en Blad“).

Assitent oetawi opzichter Priboemi! Koela matoek! Saja manawi ngèngeti daradjuding tijang ingkang loemebet koeli kontrak! prakawis poenika saja perloe sanget! Saboten-botenipoen manawi bangsa pi-jambak ingkang njeratèni, inggih langkoeng saged timbang bangsa mantan.

Éwadéné, pipiridan ing nginggil poenika ngèngetaken koela, bilih:
a. Mlebet dados koeli saking kadjengipoen pijambak, poenika langkoeng saé sanget timbang mlebet kontrak sarana wérekan.

b. Wontena ing djagad pangge-sangan poendi kémawon, watak saé poenika temenipoen perloe pijam-bak!

Pandan Wangi 17 Mei.
Taklim: Patjar - Mérah.

CORRESPONDENTIE:

F. S. D. — saweg satoenggal.
B. mangoe — mempeng! noewoen gentosan roemijn.

C. S. Gandj. — barang sampoen dados, mangké malah nggoengdjaken poenikal tembé wingking menawi perloe kenging kaledakan.

Ngatoeri priksa, nalika dinten Rebolegi soerja kaping 8 Mei 1929 poenika, koela tijang kekalih angsal sihing Goesti, nampi gandjaran momongan ingkang kaping 4, medal djaler, koela soekani tetenger:

RADEN JOHANUS BERGMANS
SOEDARMANTA

Koela kekalih:

R. E. KADAR ISMAN.
miwah sémah.

Sinerat ing Soekoredjo (Séloka-ton), kaping 16 - 5 - 1929.

Nalika tanggal 16 Mei 1929, koela kaparingan momongan éstri, koela namakaken:

R. Rr. ALOYSA SITI SOEDIATI.

Tijang sepoehipoen kekalih:
SOETJIPTA HADI ATMADJA.

Ngatoeri priksa kala tanggal 5 April 1929, koela kekalih kaparingan momongan éstri wiloe-djeng. Koela namakaken:

"CRISTINA HARTATI"

Koela kekalih

TÉDJOSOEKISMO.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWËT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP
R. I. W.

RIJWIELEN

Nitjil kenging! — Kentjeng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

HEEL DE
ARCHIPEL
LEEST

het R. K. Dagblad

De Koerier.

TOKO H. SPIEGEL

MALIOBORO 17
DJOCJA.

MAGAZIJN VAN

LUXE- en HUISHOUDELIJKE

ARTIKELEN

KINDERWAGENS — SPORTKARREN

KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75

GASOLINE - LAMPEN f 12,50

WIDADANING PRIESTERFONDS

nedahaken bilih kita mangertos dateng
wadjib lan sesanggèn kita pijambak.

Voetbalclub. P.f.

Free Pentecostal Conference (Veeniging Pinksterfeest) jasanpoen sadérèk Protestant Solo; saben dinten Djoemoewah ngawontenaken kempalan mangèn ing "Pinksterhuis" Kestallanweg Solo; makaten swantening Bendee.

P. P. K. D. Ngajodja.

Sadérèk L. Jadiran marto-saken: Nalika tanggal 12 Mei 1929 wonten ing speelloods Broederan P. P. K. D. adamel pepanggihan oemoen, kadjen-nengan sadérèk ± 150 toewin poetri satoenggal, poenapa malih tamoe saking Magelang ingkang badé se-sorah.

Watavis djam setengah 10 éndjing parepatan kabikak sdr. pangarsa, sarana ngloehoeraken asma Dalem.

Sadérèk panitra maos notulen lan noenteen kaabsahaken. Pangarsa ngabar bilih sdr. Oetaja taksih teroes dados secretarising hoofdbestuur P. P. K. D., toewin sadérèk Jema taksih teroes ngasta redactie Swara Katholieke; salebetipeno njambot-damel poenika sdr. Oetaja saged njinaoe pendamelaning redacteur, déné em-bén wingking manawi sampoen ham, pandamelan badé gentosan.

Sad. Harjadi ladjeng sesorah. (Katoeraen mriksani ngadjeng. Red.). Satelasing sesorah, wonten sadérèk ingkang sami miterang warni-warni, gegandèngan kalijan hak wen-wen; sadaja pitakénan waoe sampoen sami roemas marem, mi-reng wangsoelanipoen sad. pamedar sabda.

Sasampoenipoen poenika ladjeng ngrembag serat saking Hoofdbestuur: a. weduwenfonds lan wezenfonds taksih dipoenpenggalih.

b. tjabang P. P. K. D. Ngajodja milie Federatie.

Wonten sdr. pitakén bab paos sirah, para goeroe missie kedah ambajar poenapa boten?

Saréhing bab poenika pangrèh dè-



M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6.8.	Pekalongan 9)	7.30.	Soerabaya:
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kependien 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Bou. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal 7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering 7.
		Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjep 2)
		Jav. 6 - 8.	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi 6 - 8.
		Mendoet	6 - 7.30.	Sedijram	5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
		Modjokerto	6 - 8.	Semarang:		Wates 7) 7.
		Moentilan	5 - 6 - 8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:
		Muntok	8.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
		Ngawi 7)	7.30.	Tjandi	7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
		Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Randoesari	7.	Wonosobo 8) 7.30.
		Padang Pandjang	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan 8.30.
		Pajakoembo	7.30.	Soekaboemi	6 - 7.30.	

1) 1e. Achad. 3) 2e. Achad. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad.

2) 1e. + 3e. Achad. 4) 1e. Achad tiap 2 doea boelan. 6) 2e., 4e. Achad. 8) 4e. Achad.

dénning sadérèk Fr. Soewardi. Saha matoer noewoen dateng para Broeders, Pastoor dateng para goeroe toewin sanèsipoen ingkang toemoet ngrekaos ngwontenaken pahargian poenika.

Bibir poenika ladjeng kasambet toespraak déning sadérèk Toekidja ing klas III, ladjeng sadérèk Soewarna ing klas II, ladjeng sadérèk Doelah ing klas I, ladjeng sadérèk Prantija ing klas das. Woesana ladjeng padoeka Broeder Overste. Wah! pandjenengani poenika saheng, déné moeridipoen sampoen saheng, kendel-kendel, gineman wonten ngadjengipoen tjiang katah.

2. Spreekgelégenheid v.d. uitgenood-digen. Ingkang voordracht ingkang poenika mijneheer Soedana kalijan mijneheer Johannes.

3. Zang v.d. voorklas.

4. Pauze — koffiehag — taartjes en strootjes.

5. Tembang 2de en 3de klas. (samenspraak).

Tembang 1ste klas.

6. Kunststiefs.

7. Kluchtspel.

8. Pentak' nganggé muziek.

9. Toespraak v. padoeka van Driessche.

10. Pauze — soep — souper — thee — Magcillavry.

11. Kluchtspel.

12. Sluiting (djam 1 1/2).

MANTJA NEGARI.

NEDERLAND.

Internationale Arbeidsconferentie.

Internationale Arbeidsconferentie ingkang kaping kalih-welas, mangèn ing Geneve, bédjing 30 Mei. Wakil-wakil saking talatah Nederland, kados ing ngandap poenika:

a. Dr. W. H. Nolens. Minister van Staat, voorzitter Hoogen Raad van Arbeid, voorzitter van Mijnraad; dados wawakilipoen Paréntah Nederland, ngiras mangarsani oetoesan.

KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada te-rina obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloearan roemah² obat

“RATHKAMP” MALIOBORO
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

“RATHKAMP” DJOKJA
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap “RATHKAMP” dan “ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

Baroe terbit:

PELAJARAN MEMEGANG BOEKOE DAGANG
Karangan GOUVTS ACCOUNTANTDIENST

dikeloarkan oléh:

BALAI POESTAKA — WELTEVREDEN.

Kitab ini baik sekali oentoek peladjaran bagi saudagar - saudagar ketjil. Tjontoh-tjontohnja lengkap dan terang; keterangan-kerangannya moedah dipahamkan, semoea diambil dari kedian jang sebenar-benarnja.

Harganja soedah tentoe moerah sebagaimana segala boekoe keloearan Balai Poestaka, jaftoe f 0,80.

BATJALAH SOERAT BERKALA „SRI POESTAKA“
(1 × seboelan) DAN „PANDJI POESTAKA“ (2 × seminggoe).
MINTALAH DAFTAR KITAB-KITAB!

gari, ing Utrecht.

4. S. M. D. Valstar, voorzitter pa-kempalan lalajaran "Noord," sarta diréktöering Koninklijke Nederl. Stoomboot-maatschappij ing Amsterdam.

g. Djoeroe rembagipoen oetoesan kaepon berah:

1. H. B. Berghuys, secretarisipoen Alg. Nederl. Vakverbond.

2. J. Nauta, moeda-panitra-nipoen Christelijk Nationaal Vakverbond, sarta penningmeesteripoen Internationaal Verbond van Christelijke Bedienden Organisaties.

3. Hadji Agoes Salim, moeda-pangarsa Partij Sarikat Islam Indonesia ing Weltevreden.

4. P. J. S. Serrarens, warga pangréhipoen R. K. Werkliedenverbond, sarta secretarisipoen Intern. Christelijk Vakverbond.

INGGRIS.

Katjarijos manœut Reuter 2 Mei, inggris kekirangan djawah. Panènipoeng ing Baritanijah kasép ngantos kalih-tengah woelan. Sendang-sendang asat. Ngahadipoen ing Grédjá-Grédjá padoesoenan sami badé sembahjang moemoedja soepads kaparingan djawah, enz.

(Gandèng kalijan moemoedja wonen Grédjá anjoewoen djawah, Seda-y-a-Tama, koran ing Ngajodja, tjarijos makaten: ... Ing ngriki wonen sakadike ingkang perloe koela rembag, i.p. anggènipoen tetijang sami noenoewoen dateng Ingkang Moerbèng djagad soepads katoeroenan hawa bentèr awit saking kirangipoen toja, lan saking asrepipoen hawa. Manawi nitik goegon-toehonipoen kawoela oemoem ing ngrikoe taksih kados makaten waoe, kados kok inggih dè-rèng langkoeng bablas tinimbang para sadérèk ing Indonesiāh.)

Badé kasambet.